

## Kijan pou m fè pou m fè yon evalyasyon otis pou pitit mwen an?

### Kisa otis ye?

Twoub Espèk Otis (TSA) se yon andikap devlopman konplèks ki tipikman parèt pandan anfans. TSA asosye avèk:

- Difilikte nan entèrakson sosyal
- Difilikte ak komunikasyon vèbal ak/oswa nonvèbal
- Konpòtman oswa enterè repetitif.

TSA se yon twoub espèk ki afekte moun yon fason diferan ak nan diferan degré. Yon moun ki gen twoub otis la ka sanble trè diferan ak yon lòt moun ki gen menm dyagnostik la.

### Ki avantaj ki genyen nan fè evalye pitit mwen an pou TSA?

- Pi bon konpreyansyon sou pitit ou a, ansanm ak pwen fò ak defi li yo
- Aksè ak kalite terapi presi (pa egzanp: Analiz Konpòtmantal Aplike oswa ABA)
- Aksè ak finansman (pa egzanp: Medicaid, SSI, sibvansyon, pwogram pou andikap)
- Aksè ak soutyen, sèvis, ak pwoteksyon nan kad Lwa Ameriken sou Andikap (ADA) ak lòt lwa lokal, Eta ak federal.

### Kisa mwen ta dwe atann nan yon evalyasyon ASD?

Yon evalyasyon pou TSA ap gen ladan l:

- **Entèvyou yon responsab swen** ap rasanble enfòmasyon sou nesans pitit ou a, antedesan medikal li ak antedesan devlopman li. Entèvyou yo gendwa fèt alekri, fasafas oswa nan telefòn. Sa ta dwe gen ladan I kèk echèl evalyasyon ak/oswa zouti evalyasyon.
- **Yon obsèvasyon sou konpòtman timoun lan** nan yon kay, nan yon klinik swen sante, nan yon kabinè medikal, nan yon lekòl, oubyen menm sou entènèt. Gendwa gen plis pase yon evalyatè ki pral travay avèk ou menm ak pitit ou a.

Apre evalyasyon an, klinisyen an oswa ekip la ap rankontre avè w pou diskite sou empresyon dyagnostik yo ak rekòmandasyon pou entèvansyon ak sèvis pou ede timoun lan fè pwogrè nan devlopman li. Y ap ba ou oswa voye yon rapò ba ou nan lapòs ak tout rezulta evalyasyon an ansanm ak rekòmandasyon alekri yo.

## Kibò m ka fè evalye ptit mwen an pou TSA?

- **Kòmanse avèk pedyat ptit ou a.** Si ou poko fè sa, pale ak pedyat ptit ou a sou diferans devlopman oswa pwoblèm konpòtman ptit ou a. Pedyat yo gendwa itilize zouti tès depistaj devlopman epi refere ou bay espesyalis pou plis evalyasyon.
- **Konsidere yon pedyat konpòtmantal devlòpmantal** ki espesyalize nan dyagnostik ak jere pwoblèm devlopman epi ki ka swiv ptit ou a jouktan li vin grannoun. Pwogram sa yo gen anpil demann, kidonk ou gendwa mete ptit ou a sou yon lis atant pou sèvis pandan w ap chèche lòt opsyon dyagnostik.
  - o [CHOP Developmental and Behavioral Pediatrics](#), 215-590-7500  
3550 Market St (Lwès). Pi aksesib si ou deja yon pasyan CHOP.
  - o [St. Christopher's Developmental Pediatrics](#), 215-427-5531  
160 E. Erie Ave (Toupre Nòdès)
  - o [Jefferson Health: Einstein Pediatric Specialties](#), 215-456-7170;  
5501 Old York Rd (Nò)
  - o [Nemours Developmental Behavioral Pediatricians](#), 800-416-4441;  
833 Chestnut St, Ste 300 (Sant Vil la)
- **Konsidere yon sikològ timoun ki gen lisans** atravè asirans sante ptit ou a.
  - o Rele nimewo sèvis sante mantal ki sou do kat asirans ptit ou a. Pou timoun ki bezwen asistans medikal (Medicaid), rele [Community Behavioral Health \(Sante Konpòtmantal Kominotè\)](#) (CBH) nan 888-545-2600.
- **Konsidere yon sant espesyalize.**
  - o [The Center for Autism](#), 215-220-2121  
4601 Market St (Lwès) ak 2801 Grant Ave (Nòdès)
  - o [SPIN](#), 844-774-6226  
10501 Drummond Rd (Nòdès)
  - o [Behavioral Healthcare at Woods](#), 215-750-4004;  
19 Meadowood Dr, Langhorne (Banlye Nòdès)
- **Konsidere yon evalyasyon vityèl.**
  - o [As You Are \(Jan ou ye a\)](#) bay evalyasyon dyagnostik otis vityèl pou timoun ki gen ant 16 mwa ak 10 an avèk pedyat sètifye.
- **Konsidere etid rechèch sou otis** ki gen ladan sèvis evalyasyon.
  - o [CHOP Center for Autism Research](#), 267-426-7540  
2716 South St (Sid)
  - o [Drexel Autism Institute](#), 215-571-3401  
3020 Market St (Lwès)